

## ENFÒMASYON KONTAK STAR

Miriam Greenburg

LCSW

Cambridge STAR

Pwofesyonèl Medikal Tribunal

Telefòn: 781-879-8208

Imèl: [mgreenburg@eliotchs.org](mailto:mgreenburg@eliotchs.org)

Lè Operasyon:

Lendi-8:30-4:30

Jèdi-8:30-4:30

Vandredi: 8:00-12:00

## LÒT BENEFIS STAR

Pwofesyonèl Medikal STAR lan ka ede rezidan ak referans pou:

- ⇒ Fòmasyon Dwòg/Tafya
- ⇒ Sèvis Menaj
- ⇒ Èd Sante nan Kay
- ⇒ Entèvansyon Pwooblèm
- ⇒ Tretman Medikal
- ⇒ Fòmasyon Sante Mantal
- ⇒ Rechèch Kay Altènatif



. . . Amelyore kalife lavi

Epitou STAR ka ede rezidan yo nan detèminen kalifikasyon yo epi aplike pou:

- ⇒ MassHealth
- ⇒ Benefis Alokasyon Sosyal
- ⇒ Benefis Sosyal Sekirite/Enfimite/Maladi
- ⇒ Kay Subvansyonen
- ⇒ Èd Lokasyon

**Pwogram STAR lan**

**Sipo pou Rezidan ki an Risk**

**Fèt pou ede rezidan yo nan prezevw lokasyon yo pa idantifye pwooblèm yo ak jwenn sèvis ak resous spesifik ak apwopriye pou bezwen yo.**

**Yon Pwogram Divizyon Sèvis**

## Sipò pou Rezidan ki an Risk – STAR

### Kisa Pwogram STAR ye?

STAR (Sipò pou Rezidan ki nan Risk) se yon pwogram volontè pou rezidan Cambridge ki pa gen anpil revni k ap fè fas a eviksyon ki:

- Enfim/Malad (oubyen gen yon moun nan kay lan ki enfim/malad); oubyen
- Anreta nan peye lwave yo è ki bezwen èd finansye tanporè pou kenbe kay yo.

Pwogram STAR lan fèt pou ede rezidan yo kenbe kay yo an founisan sèvis ak resous.

Pwofesyonèl medikal STAR ki lokalize nan Cambridge District Court [Tribinal Distrik Cambridge] le Jèdi travay pou Eliot Community Human Services [Sèvis Imèn Kominote Eliot], yon ajans sèvis sosyal non likratif, è li fè pati yon pi gwo ekip de founisè sèvis baze nan Cambridge ki fèt pou ede rezidan yo rete nan kay yo.

### Ki moun ki ka refere yon ka bay STAR?

- ⇒ Nenpòt ki pati (mèt kay oswa rezidan an) de yon ka somasyon pwosesis (eviksyon)
- ⇒ Yon reprezantan nenpòt ki pati nan ka an, enkli ak moun nan òganizasyon non likratif.

### Kijan STAR mache?

Anplwaye STAR rapidman rankontre ak rezidan an aprè yo refere I. Referans yo ka fèt nan tribinal lan sou dat chita tande an OUBYEN referans yo ka fèt an avan dat tribinal lan.

Anplwaye STAR lan pral evalye kòz pwoblèm kontra lokasyon an(yo) epi baze sou koze yo pral:

- ⇒ Travay direkteman ak rezidan an(yo) pou ede adrese pwoblèm ki an relasyon ak eviksyon an, ak bi pou prezeve lokasyon an. Pwofesyonèl medikal STAR lan ka devlope ak veye yon plan sèvis pou jiskaske rezidan an stabilité.
- ⇒ Founi yon referans pou asistans finansye oswa reprezantasyon legal gratis, sa ki apwopriye an.
- ⇒ Si yo paka prezeve kay kouran an, anplwaye STAR lan pral devlope yon plan ak founisè sèvis lan pou ede jwenn yon kay ki plis apwopriye.

*Bi STAR se pou prezeve lokasyon prezan an oubyen, lè li nesesè, fè aranjman pou chèche kay ak sèvis pou anpeche moun lan san abri.*

### Eske Mwen Kalifye pou STAR?

Pou ka kalifye pou STAR, fòk ou:

- Ap viv nan Cambridge;
- Resewwa yon Manda Pwosesis Rezime ak Plent (eviksyon); è
- Gen revni ki mwens ke yon setèn valè (gade tablò ki pi ba a).

Revni Ou Fèt Pou Mwens Ke:

Valè Moun ki nan Kay lan	Revni Mansyèl
1	\$1,650
2	\$1,883
3	\$2,121
4	\$2,354
5	\$2,546

Pou konnen si ou kalifye, pale ak yon pwofesyonèl medikal STAR nan Tribunal Distrik Cambridge.

### Anreta nan Lwave ou è Ou Bezwen Èd?

Pwofesonèl medikal STAR ka refere ou nan Cambridge Multi-Service Center pou detèminen si ou kalifye pou èd finansye.